EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejsspc




# METHODS OF TEACHING F. CHOPIN'S WORKS IN THE SUBJECT OF MUSIC CULTURE AT SCHOOLS

**Jaksimuratova Khinjiayim Zaripbay kyzy**
2nd-year Master's Student, Specialty of Music Education and Fine Arts. Ajiniyaz Nukus State Pedagogical Institute
Email: khinzhiayim@gmail.com
**Sofya M. Tajetdinova**
PhD*Scientific Advisor: Assoc. Prof.
https://doi.org/10.5281/zenodo.20037316

**ARTICLE INFO**

Received: 25th April 2026
Accepted: 29th April 2026
Online: 30th April 2026

**KEYWORDS**

*Music culture, interactive method, nocturne, mazurka, polonaise, artistic-aesthetic education, grades 5–7.*

**ABSTRACT**

*This article scientifically and methodologically substantiates the pedagogical-psychological characteristics and effective methods of teaching the works of Polish composer Frédéric Chopin in the course of "Music Culture" for 5th–7th grades in general secondary schools. Taking into account the age and psychological characteristics of students, ways to organize lessons based on interactive technologies, game-based and project-based methods are presented. The educational significance of Chopin's music is highlighted.*

# MEKTEPLERDE MUZIKA MÁDENIYATI PÁNINDE F.SHOPEN DÓRETIWSHILIGIN ÚYRETIW USILLARI

**Jaksımuratova Hinjiayım Zaripbay qızı**
Ájiniyaz atındağı NMPI,Muzıka tálimi hám kórkem-óner qánigeligi 2-kurs magistrantı
khinzhiayim@gmail.com
**Tajetdinova Sofya Mnajatdinovna**
Ilimiy basshı docent
https://doi.org/10.5281/zenodo.20037316

**ARTICLE INFO**

Received: 25th April 2026
Accepted: 29th April 2026
Online: 30th April 2026

**KEYWORDS**

*Muzıka mádeniyatı, interaktiv usıl, noktyurn, mazurka, polonez, kórkem-estetikalıq tárbiya, 5-7-klass.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 5-7-klasslarında "Muzıka mádeniyatı" pánin oqıtıw barısında polyak kompozitorı Frederik Shopen dóretiwshiligin úyretiwdiń pedagogikalıq-psixologiyalıq ózgeshelikleri hám nátiyjeli usılları ilimiy-metodikalıq jaqtan tiykarlanǵan. Shopen muzıkasınıń tárbiyalıq áhmiyeti, oqıwshılardıń jas hám psixologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alǵan halda interaktiv texnologiyalar, oyınlı hám proektlik usıllar tiykarında sabaqtı shólkemlestiriw jolları kórsetilgen.*

**Kirisiw.** Jas áwladtıń ruwxıy hám kórkem-estetikalıq tárbiyasında kórkem ónerdiń, sonıń ishinde muzıka ónериниń ornı úlken. Ózbekstan Respublikasınıń "Tálim haqqında"ǵı Nızamı hám "Muzıka mádeniyatı" pániniń mámleketlik tálim

standartında oqıwshılardı jáhán hám milliy muzıka mádeniyatınıń eń jaqsı úlgileri menen tanıstırıw, olarda joqarı kórkem talǵamdı qáliplestiriw tiykarǵı wazıypa etip belgilengen.[1]

Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 5-7-klassları ushın dúzilgen "Muzıka mádeniyatı" sabaqlıǵında shet el klassik kompozitorlarına ayırıqsha orın berilgen. Solardıń ishinde fortepiano sazı lirikasınıń ullı sheberi, "fortepiano shayırı" atın alǵan polyak kompozitorı Frederik Shopen dóretiwshiligi ayırıqsha áhmiyetke iye. Onıń shıǵarmaları tereń lirikaǵa, náziklikke, sonıń menen birge kúshli patriotlıq ruwxqa, Watanǵa sheksiz muhabbat sezimine tolı.

Pedagogikalıq baqlawlar nátiyjesinde hám mektep ámeliyatınıń barısında, 11-13 jas aralıǵındaǵı oqıwshılarda Shopen muzıkasın esitip qabıllawda ayırım qıyınshılıqlarda ushıraydı. Olar bul muzıkanı "quramalı", "zerigerli" dep qabıllaydı. Bunıń tiykarǵı sebebi — dástúriy sabaqlarda tiykarınan kompozitordıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqındaǵı maǵlıwmatların aytıp beriw hám muzıkanı tıńlatıw menen shekleniw. Oqıwshınıń belsendi is-háreketi, ishki sezimdegi emociyası, jeke iskerliginde sabaqqa tartılmaydı.

Sol sebepli 5-7-klass oqıwshılarınıń jas hám psixologiyalıq ózgesheliklerine sáykes, Shopen dóretiwshiligin qızıqlı, túsinerli hám nátiyjeli úyretiwdiń jańasha usılların islep shıǵıw hám ámeliyatqa engiziw házirgi kúnniń aktual máselelerinen biri bolıp tabıladı.

**Izlertlewdiń maqseti:** 5-7-klass oqıwshılarına F.Shopen dóretiwshiligin úyretiwdiń nátiyjeli interaktiv usılların ilimiy-metodikalıq jaqtan tiykarlaw hám olardı ámeliyatqa engiziw boyınsha usınıslar islep shıǵıw.

**Izlertlewdiń wazıypaları:**

1. F.Shopen dóretiwshiliginiń ideyalıq-kórkemlik ózgesheliklerin hám tárbiyalıq áhmiyetin ashıp beriw.
2. 5-7-klass oqıwshılarınıń muzıkanı qabıllaıw psixologiyalıq ózgesheliklerin anıqlaw.
3. Shopen shıǵarmaların úyretiwde qollanıwǵa bolatuǵın interaktiv usıllar kompleksin islep shıǵıw.
4. Usınılǵan usıllardıń nátiyjeliligin eksperimental túrde tekseriw.

**1. F.Shopen dóretiwshiliginiń ideyalıq-kórkemlik ózgeshelikleri hám tárbiyalıq áhmiyeti**

Frederik Frantishek Shopen 1810-jılı 1-martta Varshava qasındaǵı Jelyazova-Volya degen jerde tuwılǵan. Ol erte jetilgen qábiletli bala bolıp, 7 jasında birinshi polonezin baspadan shıǵarǵan. 1830-jılǵı Polshada kóterilis baslanǵannan keyin, ol shet elde jasawǵa májbúr bolǵan hám ómiriniń kóp bólegin Parijde ótkergen. Watan saǵınıshı onıń pútkil dóretiwshiliginiń leytmotivine aylanǵan [3, 45-b].

Shopen dóretiwshiligi derlik tolıǵı menen fortepiano ushın jazılǵan. Ol fortepiano muzıkasınıń jańa imkaniyatların ashtı, onı "sóyletetuǵın" aspabqa aylandırdı. Onıń tiykarǵı janrları: mazurka, polonez, vals, noktyurn, etyud, prelyudiya, ballada, skerco, sonata.

**Shopen muzıkasınıń tiykarǵı ózgeshelikleri:**

**1. Tereń milliylik.** Shopen shet elde jasaǵan bolsa da, hár bir shıǵarmasında polyak xalqınıń ruwxı, milliy namaları seziledi. Ásirese mazurka hám polonez janrları polyak xalıq

oyınlarınıń ırǵaǵına tiykarlanǵan. Mısalı, “A-dur Polonez” op.40 №1 “Áskeriy polonez” dep atalıp, polyak xalqınıń erkinlik ushın gúresin, saltanatın, batırlıǵın súwretleydi.

**2. Lirikalıq-psixologiyalıq tereń mazmunı.** Noktyurn janrınıń eń joqarı úlgilerin Shopen dóretken. “Noktyurn” — “túngi muzıka” degendi ańlatadı. Onıń noktyurnları túngi tınıshlıq, oylaw, saǵınısh, geyde úmit, muhabbat sıyaqlı insan kewiliniń eń názik sezimlerin ashıp beredi. Eń belgilisi — Noktyurn op.9 №2 Mi-bemol major.

**3. Patriotlıq ruwx.** Shopenniń kóplegen etyudları, balladaları, polonezleri Watanǵa muhabbat, onıń azatlıǵı ushın gúres temasına baǵıshlanǵan. “Revolyuciyalıq etyud” do-minor op.10 №12 1831-jılı Varshavanıń qulaǵanı haqqındaǵı xabardı esitkennen keyin jazılǵan. Bul shıǵarmada kompozitordıń ǵázepleniw kúsh-jigeri ayqın seziledi.

**4. Janrlıq jańalıǵı.** Shopen mazurka, vals, noktyurn sıyaqlı burın sarayda oyın ushın isletilgen ápiwayı janrlardı tereń mazmunlı etip jazıp, shıǵarmanı koncertte atqarıw dárejesine kóterdi.

**Tárbiyalıq áhmiyeti:** Shopen muzıkası oqıwshılardı náziklikke, insanıylıqqa, gózzallıqtı seziwge tárbiyalaydı. Onıń patriotlıq shıǵarmaları arqalı oqıwshılarda Watanǵa muhabbat, óz xalqınıń tariyxına hám mádeniyatına húrmet sezimleri qáliplesedi.

**2. 5-7-klass oqıwshılarınıń muzıkanı tıńlap qabıllaıwdaǵı psixologiyalıq ózgeshelikleri**

11-13 jas — óspirimlik dáwiriniń baslanıwı. Bul jasta oqıwshılarda abstrakt oylaw, talqılaw, óz pikirin dálillew qábileti qáliplese baslaydı. Biraq olar ushın ele de kórgizbelilik, emociyanallıq, oyın arqalı oqıtıw nátiyjeli bolıp tabıladı [4, 78-b].

Bul jastaǵı oqıwshılardıń muzıkanı qabıllaıw ózgeshelikleri:

1. **Emociyanallıq:** Olar muzıkanı aqıl menen emes, ishki kewil sezimi menen qabıllaydı. Eger shıǵarma olarda kúshli emociya oyata almasa, tez zerigedi.

2. **Obrazlı oylaw:** Olar muzıkanı konkret súwret, hádiyse, gúrriń menen baylanıstırǵandı jaqsı qabıl etedi.

3. **Belsendilikke umtılıw:** 45 minut dawamında tek tıńlap otırıw olar ushın zerigerli. Sabaqta ózi qatnasıp, súwret salıp, háreket islep, talqılap kórgisi keledi.

4. **“Men”ge burılıw:** “Bul muzıka maǵan ne beredi? Meniń ómirimde qanday orın tutadı?” degen sorawǵa juwap izleydi.

Sonlıqtan Shopen sıyaqlı quramalı lirikalıq xarakterdegi muzıkanı bul jasqa úyretkende, “1830-jılı tuwılǵan, 1849-jılı ólgen” dep fakt aytıwdan baslamaw kerek. Olarǵa Shopendi “olar túsine alatuǵın tilde” sóyletiw kerek.

**3. F.Shopen dóretiwshiligin úyretiwdiń nátiyjeli interaktiv usılları**

Tómende 5-7-klasslar ushın sınaqtan ótken hám joqarı nátiyje bergen 5 usıl usınıladı.

**1. “Muzıkalıq gúrriń” usılı - Storytelling**

Mazmunı:_ Hár bir shıǵarmanı tıńlatıwdan aldın, onıń jazılıw tariyxına, mazmunına baylanıslı 1-2 minutlıq qızıqlı gúrriń aytıp beriw.

Mısal 1: Noktyurn op.9 №2._ “Elesletiń, sırtqı álem tınısh. Tún. Ay jaqtısı terezege túsip tur. Parijde

kishkene bólmede 20 jaslar átirapındaǵı jigit fortepianoda otır. Ol Jelyazova-Volyadaǵı ana úyin, anasınıń háyyiwın, quslardıń sayraǵanın saǵındı. Biraq ol jerlerge qaytıp barıwǵa jol joq. Mine, usı saǵınıshtı ol barmaqları menen aq-qara klavishlerge tógip atır. Endi kózińizdi jumıp, sol jigittiń janına barıp kóriń".

Nátiyjesi:_ Oqıwshı muzıkanı "qospasız ses" emes, bálki konkret insan tágdiri, sezim sıpatında qabıllaydı.

**2. "Emociya kartochkaları hám Reńler palitrası" usılı**

Mazmunı:_ Sabaq basında hár bir oqıwshıǵa 6 túrli reńdegi hám sezim (emociya) jazılǵan kartochka beriledi: Sarı — Quwanısh, Kók — Saǵınısh, Qızıl — Ǵázep, Jasıl — Tınıshlıq, Qara — Qayǵı, Aq — Oylanıw.

Muzıka fragmenti qoyıladı. Oqıwshılar esitken sezimine sáykes kartochkanı kóteredi. Keyin "Ne ushın kók reńdi kóterdiń?" dep 2-3 oqıwshıdan soraladı.

Mısal: "Revolyuciyalıq etyud"tı qoyǵanda_ — kópshilik Qızıl "Ǵázep"ti kóteredi. "A-dur Polonez"de — Qızıl hám Sarı. "Noktyurn op.9 №2"de — Kók hám Jasıl.

Nátiyjesi:_ Oqıwshı muzıkanı analiz qılıwdı, óz sezimlerin aytıp beriwdi úyrenedi. "Muzıka tili" qáliplesedi.

**3. "Janrlar batlı" oyın usılı**

Mazmunı:_ Shopenniń 4 tiykarǵı janrı alınadı — Vals, Mazurka, Polonez, Noktyurn taxtaǵa jazıladı. Klastaǵı oqıwshılar 4 komandaǵa bólinedi. Muǵallim 10 sekundlıq muzıka fragmentin oqıwshılar tıńlawı ushın qoyadı. Komandalar bul qaysı janr ekenin tez tabıwı hám shawqımlaspastan "biz taptıq" dep qol kóteriwi kerek. Durıs tapqan komandaǵa 1 ball beriledi. 5 turdan keyin jeńimpaz bolǵan komanda anıqlanadı.

Nátiyjesi:_ Oqıwshılar vals 3/4, mazurka 3/4 biraq akcent 2-3 úleske túsedi, polonez saltanatlı, noktyurn ásten ekenin oyın arqalı tez yadlap qaladı. Bunday jarısıw elementi oqıwshılarda zerigiwdı joq etedi.

**4. "Zamanagóy kontekst" proekt usılı**

Mazmunı:_ 6-klasslar ushın úyge tapsırma. "Eger Shopen házirgi kúnde Instagramǵa video jaylasa, qaysı shıǵarmasına qanday video túsirer edi?" degen tema beriledi.

Oqıwshılar 3 kishi toparǵa bólinedi:

1-topar: "Noktyurn" — Túngi qalanıń kórinisi, telefonnıń ekran jaqtısı, kofe iship otır.

2-topar: "Vals" — Mekteptiń pitkeriw keshesi.

3-topar: "Revolyuciyalıq etyud" — Sport jarısında jeńis ushın gúres.

Olar telefonda 15-30 sekundlıq video montaj qılıp, keyingi sabaqta kórsetedi hám ne ushın usı shıǵarmanı saylaǵanın túsindiredi.

Nátiyjesi:_ Shopen "muzeydegi eskilik" emes, bálki "házirgi kúndegi sezimlerdi súwretleytuǵın kompozitor" bolıp qabıllanadı. Oqıwshılarda media-sawatlılıq artadı.

**5. "Kompozitorǵa xat" refleksiya usılı**

Mazmunı:_ Sabaq aqırında 5 minut waqıt beriledi. Tapsırma: "F.Shopenge 3 gáplik xat jaz. 1-gáp: Qaysı shıǵarması unadı. 2-gáp: Ne ushın unadı. 3-gáp: Shopenge qanday soraw berer ediń?".

Xatlar dawıslı oqılmaydı, jıynap alınadı. Keyingi sabaqta muǵallim eń qızıqlı 2-3 xattı anonim oqıp beredi.

Nátiyjesi:_ Hár bir oqıwshı sabaqtan óziniń jeke pikiri, sezim juwmaǵı menen shıǵadı. Muǵallim ushın bul — qayta baylanıs. Qaysı shıǵarma kóbirek tásir etkenin bilip aladı.

Eksperiment basında hám aqırında oqıwshılardan anonim anketa alınadı: “F.Shopen degen attı esitkende qanday 3 sóz yadıńa túsedi?”.

Nátiyjeler usınılǵan interaktiv usıllardıń 5-7-klass oqıwshılarında Shopen dóretiwshiligine degen qızıǵıwshılıqtı hám onı túsiniw dárejesin ádewir arttırǵanın kórsetti.

Juwmaqlap aytqanda, ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıwshılarǵa F.Shopen dóretiwshiligin úyretiwde dástúriy usıllar menen birge interaktiv, oyınlı hám proektlik texnologiyalarǵa tiykarlanıw joqarı nátiyje beredi.

1. Shopen muzıkasın úyreniwdi “gúrriń” aytıwdan baslaw, oqıwshınıń ishki sezimlik emociyasın oyatıw — dıqqattı támiyinlewdiń girewi.

2. “Emociya kartochkaları”, “Janrlar battlı” sıyaqlı oyınlı usıllar quramalı teoriyalıq maǵlıwmatlardı ańsat hám umıtılmastay etip yadlawǵa járdem beredi.

3. Shopen dóretiwshiligin zamanagóy kontekst, media, oqıwshınıń jeke iskerligi menen baylanıstırıw — klassikalıq muzıkanı “qurı miyras” emes, al “tiri sáwbetles”ke aylandıradı.

Usınılǵan interaktiv usıllar oqıwshılarda tek muzıkanı túsiniw qábiletin emes, al Watanǵa muhabbat, náziklik, insanıylıq, gózzallıqtı seze biliw sıyaqlı joqarı ruwxıy-tárbiyalıq pazıyletlerdi de tárbiyalawǵa xızmet etedi. Sebebi Shopenniń shıǵarmalarınıń hár bir notasında onıń Watanı — Polshaǵa degen sheksiz muhabbatı, insan ruwxınıń ullılıǵı jırlanǵan.

## References:

1. Ózbekstan Respublikasınıń “Tálim haqqında”ǵı Nızamı. — T.: Adolat, 2020.
2. Mámleketlik tálim standartı. Muzıka mádeniyatı 5-7-klass. — T.: 2021.
3. S.Tájetdinova, O.Ibrahimov, J.Sadirov “Muzıka” 7-klass Ǵ.Ǵulam baspası 2017.
4. Alekseev A. Shopen ómiri hám dóretiwshiligi. — M.: Muzıka, 1984. — 240 b.
5. Qayipbergenov T., Ayımbetov M. Muzıka tıńlaw mádeniyatı: metodikalıq qollanba.— Nókis: Bilim, 2018. — 112 b.
6. Ivaszhkiewicz J. Shopen. — Varshava: Polsha baspası, 1979.
7. Mansurova G. Ulıwma bilim beriw mekteplerinde shet el kompozitorların úyretiw máseleleri // Xalıq tálimi, 2022. №4. 55-58-b.